ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ІПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЫДДОКІ

№164 (22.322) ● 2012 гъэм шыщхьэІум (августым) и 25, щэбэт ● Тхьэмахуэм тхуэ хъыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Къэрал къулыкъущІапІэхэм

Къанокъуэ Арсен хамэ къэралхэм щыщ ди лъэпкъэгъу ныбжьыщІэхэм яхуозэ

УФ-м и Президентым и Унафэм тету, хамэ къэралхэм щыщу политикэ, жылагъуэ, щІэныгъэ ІэнатІэхэм пэрыт ЇэщІагъэлІ ныбжьыщІэхэм иджырей Урысейм и Іуэху зыІутыр зрагъэлъагъун папщІэ къыдэрыгъэблагъэ программэм ипкъ иткІэ, Тыркум, Сирием, Иорданием щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм я лІыкІуэхэр (ныбжьыщІэ 20 мэхъу) щыщхьэІум и 18-м Москва къэлъэтащ. Урысейм щагъэкІуэну махуипщым хагъэхьащ политик, хьэрычэтыщІэ, жылагъуэ лэжьакІуэ ныбжьыщІэхэм я адэжь льахэм - Къэбэрдей-Балькъэрым - и щыІэкІэ-псэукІэр зрагъэлъагъунэр, я лъэпкъэгъуэхэм яхуэзэнырь.

КъБР-м И Іэтащхьэ Къанокъуэ Арсен хамэ къэралкІэкІа щІалэхэмрэ пщащхэмрэ вэсэмахуэ КъБР-м и Правительствэм и Унэм иригъэблэгъащ.

АБЫ кърихьэлІащ федеральнэ инспектор нэхъыщхьэу КъБР-м щыІэ Вербицкий **Александр**, КъБР-м Жылагъуэ, дин зэгуэхьэныгъэхэм я ІуэхуэхэмкІэ и къэрал комитетым и унафэщІ **Пащты Борис**, «Россотрудничество»-м Правительствэм хэмыт зэгуэхьэныгъэхэмрэ дин хэкуэгъуэхэмрэ ядэлэжьэныкІэ и Іуэхуэщ1апІэм и унафэщІым и кІуэдзэ **Ежов Леонид** сымэ.

ЗэІуцІэр кІыщІэзэІуихэм КъБР-м и Іэтащхьэм жиІащ Тыркум, Сирием, Иорданием щыпсэу ди кІуэщхэмрэ ди шыпхъуэхэмрэ я щІэблэр лІыхэм щичІагъуэу зэригуапэр ирихьэ КъБР-м и власткІэ нобэ зи ужьит Іуэхуэхэм, псэукІэр ирагъэфІэкІэхэм кІэщІу яхутепсэлъыхьащ.

- Псом ящхуэ кІыхьэзэгъэщІну сызыхуейр хамэ къэрал щикъуэка ди лъэпкъэгъуэхэм пыщІэныгъэ быдэ яхудИэн папщІэ лъабжьэрэ зэрызэдгъэпэщащ, - жиІащ Къанокъуэм. - Хэкум къэзыгъэзэжкэр ди Іуэхуэм хэсхьыжьыныжьмкІэ центр щхьэхуэ духуащ, лэжьыгъэ ІэнатІэ, псэупІэ къагъуэтыныжьмкІэ дадоІэпыкъу. ЕтІуанэрэуэ, федеральнэ властхэм дагурыІуэуэ, ди лъэпкъэгъуэхэм ехьэлІа Іуэху щхьэпэхэр идогъэжІужькІ. Ещанэу сыкъызытеуцыІэну сызыхуейр бзэр, хабзэр, щэнхабзэ хьугъуэфІыгъуэхэр хьумэным, зегъэужьыным, хамэ щыпІэхэм щыІэ ди лъэпкъэгъуэхэм анэдэлъхубзэр игъэшэрыуэным теухуауэ едгъэжІужьІ лэжьыгъэщ. Къащтэмэ, ныбжьыщІэ 400-м Налшык щыщІэ ЩІэныгъэхэмкІэ Дунейпсо, Къэбэрдей Адыгэ Хасэхэр яныщІащ дэнэ кІэрали щыхэхэс адыгэхэм, жьыдэхэр ядолажьэ, я Іуэху зытеткІэ зэрощІэ. Си фІэщ мэхъу иджырей зэІуцІэр гукъинэж хьум и мызакъуэу, купщІафІэу зэрыщытынур. Къэбэрдей-Балькъэрым хуэдэу Урысей Федерацэри фІыуэ зэвгъэщІыхунущ, я щІыхэр зэрыпсэуным, щалэжь Іуэхуэхэм нэрылъагъуэу зыщывгъэгъуэзэфІынущ. Си гупэжмкІэ, мыпхуэдэ зэІуцІэхэр хуабжьу щхьэпэщ, сыт щхьэжкІэ жыпІэмэ, фэ фхуэдэ щалэгъуалэр нэхъыбэу къакІуэмэ, дыдейхэр накІуэмэ, хамэ къэрал щыпсэу адыгэхэмрэ дэрэ ди зэпыщІэныгъэм къаруущІэ кІыхьилъхьэнущ.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

Сурэтхэр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

Дунейм щыхъыбархэр

Кавказми щынэхъыфІт жрагъэІэж

Футболымкіэ Европэм и Лигэм и зэхьэзэхуэм хьхьэ зэІуцІэр Мэхъэчкъалэ ирахыу Мэзкуу зэрагъэІэпхьуам УЕФА-р зэрэхущІегъуэжам шэч хэлъкъым.

КАВКАЗ Ищхьэрэм щыщыІэ щытыкІэр зэрыкІийми щхьэкІэ Мэхъэчкъалэ и «Анжи»-р и стадионым щыджэгуну хуимыту Европэм и Футбол Зэгухьэныгъэм (УЕФА) къызэрыхуигъэувам къыхэкІыу, ар Мэзкуу и «Черкизово»-м ягъэІэпэхъуащ. Арщхьэкіэ абыкІэ арэзы хъуакъым ар зи хэщІапІэу щыт «Локомотив»-м дэщІэкр икІи къагъэуващ Кавказым икІахэм я деж щащІэн щымыІэу.

Іуэхур къыщызэпамыуфыдым, абыхэм Голландием и «АЗ»-мрэ «Анжи»-мрэ щызэдэджэгу зыкърагъэхьэлІащ икІи Дагъыстэным и футболистхэр, Урысейм и лъэпкъ мащІэхэр зыгъэпэд къыхуедджэныгъэхэр ягъэІуу исащ. Ари яфІэмащІэу, командэхэр зэрыт губгъуэм мафІэ зэщІэгъэнахэр ирадзэурэ зэІуцІэм хэтхэм зэран яхуэхъуащ. Джэгур ихуа иужькІэ, Кавказым икІауэ «Анжи»-м дэщІахэм ешэуэну хущІэкъуащ, арщхьэкІэ хабзэхьумэжэм апхуэдэ къагъэхъуакъым. Нэхъ хьэлэнщэу зызыщІа щыхуу 80 абыхэм яубыдыж хуэит хъуащ.

Я губампІэр щагъэтІысыну щІыпІэхэр яубыхуу

КъуькъущІэхэм я арэзыныгъэ щІэмыльэІуу пэкІуэр щрагъэжьуэкІ хъунну щІыпІэхэр Мэзкуу щагубзыхуащ.

Къалащхьэм и власткІэхэм рэ политикэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лІыкІуэхэмрэ нэхъапэм зэрыгуІуат щыхуу куэд къызрихьэлІэ пэкІуэр, зэдауэрэр, зэныкъуэкъуэхэр щрагъэкІуэкІын папщІэ Мэзкуу щыпІэ щхьэхуэхэр щыхэхьэхьуу. Иджы ахэр яубзыхуащ.

Къалащхьэм щІналъэ щынагъуэншагъэмкІэ и департаментым и унафэщІ Майоров Алексей зэрыжиІэмкІэ, дяпэкІэ пэрыуэнэзу икІи зыми и арэзыныгъэ къамылъыхьуэу щІыхуэхэр дапщэщ хуэйми щызэхуэс хъунущ Горькэм и цІэкІэ щыІэ «Сокольники» паркхэм. НэгъуэщІ къэрал зызыжьбахэм куэд щІащ апхуэдэ щыпІэхэр я деж зэрыщаубзыхуэрэ.

Мы махуэхэм

Шыщхьэ1ум и 25, *щэбэт*

- Кубаным Іэтауэ щагъэпъапІэ Белый Савва зи Іэтащхьэ къэзакъэр япэу Тамань хытІыгуныкъуэм къызэрыщитІысыкІрэ илъэс 220-рэ зэрырикъур.
- Урысейм и Поволжьем зэуІуу Іэпхъуа нэмыщэхэм я къалащхьэу зэрызагъэпэща Саратов областым хыхьэ Энгельск къалэм и ныбжьыр илъэс 265-рэ ирокъу.
- Медицинэ щІэныгъэхэм я доктор, нейрохирург цІэрыІуэ **Семэн Жаннэ** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкІэнур:
Уэрэ1у щытынущ. Махуэм хуабэу градус 27 - 29-рэ, жэщым градус 17 - 20 щы1энущ.

Шыщхьэ1ум и 26, *тхьэмахуэ*

- 1908 гъэм Тыркум япэ Адыгэ Хасэ къыщызэрагъэпэщащ.
- РАН-м прикладной математикэмрэ автоматизацэмкІэ и Къэбэрдей-Балькъэр щІэныгъэ-къэхутакІуэ институтыр 1991 гъэм къыщызІуахащ.
- Илъэс 520-рэ и пэкІэ Америкэ материкыр зэрыщыІэр европейхэм къахуэзыхута **Колумб Христофор** 1451 гъэм къалъхуащ.
- «Тетраграф» газет-тхылъ тедзапІэм и унафэщІ **Шакъ Елбэрд** и ныбжьыр илъэс 60 ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур:
Уэрэ1у щытынущ. Махуэм хуабэу градус 26 - 30, жэщым градус 19 - 22-рэ щы1энущ.

Шыщхьэ1ум и 27, *блыщкІэ*

- **Урысейм и кином и махуэщ**
- Рекордхэр зратхэ Гиннесс и тхылыр 1955 гъэм дунейм кьытехьащ.
- 1933 гъэм къалъхуащ тхакІуэ, КъБКъУ-м и доценту щыта **Бозий Людмил.**
- Къэрэшей-Шэрджэсым щІыхь зиІэ и журналист, тхакІуэ **Къантемыр Тыркубий** 1940 гъэм къалъхуащ.

Дунейм и щытыкІэнур:
Уэрэ1у щытынущ. Махуэм хуабэу градус 26 - 29-рэ, жэщым градус 21 - 23-рэ щы1энущ.

ПлІанэпэр зыгъэхьэзырар **ЖЫЛАСЭ Заурбэч.**

Лъэпкъ Іуащхьэ:

Улімэ, улІэнуми, уи псалъэ гъэпэж.

● Мэкъумэш

Хэгъуэр и кІэм ноблагъэ

Къэбэрдей-Балькъэрым Мэкъумэш хозяйствэмрэ ерыскъыпхъэхэмкІэ и министерствэм хьыбар къызэритамкІэ, мы зэманым ирихьэлІэу ди республикэм и мэкъумэш ІэнатІэхэм хьэрэнцэхэр гектар мин 86-м щыІуахыжащ. Ар кърахьэлІэжьи хуейуэ кьаныщылым и процент 90 мэхъу.

ЗЫ ГЕКТАРЫМ гъавэу кьытрахащ ику итуцентнер 30. Инэ ита илъэсым яІа ехъулІэныгъэхэм ятепщЫхьмэ, ар нэхъ мащІэщ, ауэ мыбдежьм къэлъытапхъэщ гъэм и щытыкІэр хозяйствэ куэдым эрран къаззрыхуэхъуар.

Хэгъуэр ятпу къезыхуэлІаХэм яцыщщ Тэрч, Май, Прохладнэ куейхэр. Мы илъэсым ди республикэм гуэдзу тонн мин 750-рэ щыІуахыжьыну мэгугъэ.

КъэдгъэщІ къыкІэлъыкІуэу кьрахьэлІэжьыну нартыхум и щытыкІэм псори арэзы тохъуэ. Абыхэм зауэжьынымкІэ сэбэныщхуэ хьуащ уэфІу екІуэкІа мазухэхэр. КІэрІофуи хозяйствэхэм Іуахыжьар тонн мин 85-м нос.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

КъБР-м и Іэтащхьэм фІыщІэ къыхуащІ

КъБР-м и спортсменхэр Олимпиадэм къызэрыщыжьанэкІам папщІэ

Ди спортсменхэр гъэхьэзырыным гулъытэщхуэ зэрэхуищІам папщІэ КъБР-м и Іэтащхьэ Къанокъуэ Арсен фІыщІэ псалъэхэмкІэ зыкъыхуигъэзащ Урысейм спорт бэнэкІэхэмкІэ и федерацэм и президент Мамиашвили Михаил, Абы и тхылъым къыщыгъэлъэгъуащ:

«Уэзрыщыгъуазэщи, бадзэуэгъуэм и 27-м щеГъэжьауэ щыщхьэІум и 12-м нэсыху Лондон щекІуэкІа Олимп Джэгуэхэм Урысейм бэнэкІэ хуитымкІэ, альдж-урым бэнэкІэмкІэ, цІыхубз бэнэкІэмкІэ и командэ къыхэсхэхэм текІуэныгъэ нэрылъагъу къахьащ. Къыпхуэхьыну щыта медаль 18-м щыщу Урысейм и бэнакІуэхэм 11-р - дыщэу 4, дыжьыну 2, жэзу 5 - къыхуагъэфэщащ. Апхуэдэ екъуІэныгъэхэм я фІыщІэ хэлъщ Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм щыщхэу бэнэкІэ хуитымкІэ, альдж-урым бэнэкІэмкІэ жэз медалхэр къэзыхьахэу Махуэ Билалрэ (килограммри 120-рэ) Курамагомедов Заурбэ (килограмм 60).

ФІыщІэ ин пхудощІ Урысейм и командэ къыхэкам хагъэхьа спортсменхэр гъэхьэзырыным куэд зэрыхэпщІыхьам, спорт бэнэкІэхэм Къэбэрдей-Балькъэр Республикэми Урысейми зыщегъэужьыным гулъытэщхуэ зэрыхуэпщІам папщІэ».

КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

● Іуащхьэмахуэ куей

КъэралитІым я альпинистхэр хэтщ

Дыгъуасэ Іуащхьэмахуэ лъапэ кьыщызэІуахащ Урысей Федерацэмрэ Словение Республикэмрэ дипломатие зэпыщІэныгъэхэр яІэ зэрыхъурэ илъэс 20 зэрырикъум теухуа «Эльбрусиада-2012» зэхьэлъэшхуэр.

АБы ХЭТЩ Москва къалэмрэ Словениемрэ щыщ альпинисту 12. ЗэрыхуэфащэкІэ загъэхьэзыра нэужь, абыхэм Европэм и щыгу нэхъ ГьагэдыдэмкІэ Урысейм Нэгъуэщ1 къэрал Іуэхуэмкіэ и министерствэм и ныпыр.

Мы Іуэхур къызэрагъэпэщащ Урысей Федерацэм Нэгъуэщ1 къэрал Іуэхуэмкіэ и министерствэм и дипломат ныбжьыщІэхэмрэ Іуащхьэмахуэ районым и администрацэмрэ.

ТАРИМ Алисэ.

● Юбилей

Илъэс 20-м урилъэжмэ...

Сурэтыр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

ЩІЭныгъэхэмкІэ Дунейпсо Адыгэ Академиер къызэрызэрагъэпэщІрэ илъэс 20 зэрырикъум ирихьэлІэу Налшык къалэ щекІуэкІащ абы хэтхэм я илъэс зэхуэсыщхьэр.

ЗЭІУЩІЭР къызэІуихри, къызэхуэсахэм фІэхъус псалъэкІэ зэхуигъэзащ ЩІДАА-м и президент **Нэхущ Іэдэм.** Абы жиІащ дуней псом щикъухьа адыгэ лъэпкъэр гъащІэм и лъэныкъуэ куэдкІэ зэпищІэу академиер къызэрыгъэгурыкІуэр, зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэщхуэхэр хуэзыщІа щІэныгъэлІэр, щэнхабзэ, медицинэ, политикэ, жылагъуэ, мэкъумэш, егъэджэныгъэ ІэнатІэхэм я лэжьакІуэ куэд зэрыхэтыр.

ЩІДАА-м игъэлъапІэ махуэщхуэм и щІыхькІэ КъБР-м и Президентым абы хэтхэм зэрызахуигъаза хуэхъуэм къеджащ КъБР-м Жылагъуэ, дин зэгуэхьэныгъэхэм я Іуэхуэхэмкіэ и къэрал комитетым и унафэщІ **Пащты Борис.**

Илъэс 20-м кьриубыдэу къызэранэкІа Гъэзэгуанэм ирилъэжу, лъэпкъым, хэкум я зыужьныгъэм папщІэ ящІахэр, дяпэкІэ ехъапэщылъхэр зэпкърахыу зэІуцІэм къыщыпсэлъащ ЩІДАА-м и вице-президент **Бэчыжь Лейла,** Академием и Къэрэшей-Шэрджэс, Краснодар щІэныгъэ центрхэм я Іэтащхьэхэу **Темыр Умар, Щоджэн Іэсхьэ** сымэ. ЩІДАА-м и щІэныгъэ-секретарь нэхъыщхьэ **Тхьэзэплъ Хьэсэн** убгъуауэ тепсэлъыхьащ блэкІа илъэсым кьриубыдэу академием зэфІигъэкІахэмрэ дяпэкІэ и мурад нэхъыщхьэхэмрэ.

ЩІДАА-м и махуэщхуэм папщІэ псалъэ дахэ куэд къыщыІуащ зэІуцІэм. Апхуэдэу Щэпэн Республикэм ЩІэныгъэхэмкІэ и академием и вице-президент **Дадашев Райком** къызэхуэсахэм ехъуэхъуащ икІи лъэпкъым зиужьын папщІэ академием иІэ мыхьэнэм тепсэлъыхьащ. КъБР-м егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министр Щхьэгъэпсо Сэфарбий академием хэтхэм зэрехъуэхъум къеджащ министерствэм и лэжьакІуэ **Тэхъу Светлан** ЩІДАА-м и академик, Урысейм ис адыгэхэм я лъэпкъ-щэнхабзэ автономием и **Президент Уэхъутэ Александр,** Тыркум щыщ Озтюрк (Лъанкъуэч) Илъхьэн сыми гуапэу къэпсэлащ. КъШР-м и Іэтащхьэ Темрезов Рашид, �щДАА-м хэтхэу КІыщ Мухьэдинрэ Моос Жаклинрэ, Абхъаз къэрал университетым и ректор Гварамиа Алекэ сымэ ягъэхьа хъуэхъу телеграммэхэм къеджащ.

Зэхуэсышхуэм и япэ Іыхьэр зэфІэкІа нэужь, академикхэр гупгупурэ зэбгрыкІащ щІэныгъэ конференцхэм хэтыну. ЩІДАА-м щІэуэ хагъэхьэну къагъэлъагъуэхэмкІэ зэчэнджэщыну.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.

● Дзэлыкъуэ куей

Дохутырхэр къуажэм макІуэ

Къуажэхэм илъэси 5 пІалъэкІэ щылэжьэну кІуэ дохутырхэм псэуныгъэ и лъэныкъуэкІэ ядэІэпыкъуным теухуауэ УФ-м и Президентым ищІа унафэм ди республикэм дэжьэн щыщІдзащ. Фызэрыщыгъуазэщ, абыхэм сом мелуан зырыз иратынущ.

ДЗЭЛЫКЪУЭ район сымаджэщым мы махуэ зэкІэлъыкІуэхэм къэкІуащ икІи щыгуфІыкІыу къащтащ терапевт, педиатр, хирург, эндокринолог, кардиолог, невропатолог. Кьуажэхэм илъэси 5-кІэ щылэжьэну тегушхуэр кІуэрыкІуэм тету кащтэрэкъым, атІэ абыхэм ябгъэдэлъ щІэныгъэр зыхуэдэр лъэныкъуэ куэдкІэ ягъэунэху. Мы зи гугъу тщІахэм яхэтхьэм зи ІэщІагъэм фІыуэ хэзымыщыкІрэ ипэкІэ ахэр щылэжьа медицинэ ІэнатІэхэм щытхъу яІэу зи кьалэн кьыщыдзымыкъэІарэ.

Апхуэдэу дохутыр ныбжьыщІэхэр щеджа еджапІэхэм зыпащІэри, еджэныгъэм зэрехьуІа нэужь щыгъуазэ защІащ. Іэнатіэ кьратыным и пэ кьаухуэу. Абыхэм кьахэкІакъым дзыхь зыхуэпщІ мыхьуну зы щыхуэ. Ар псом и щхьэщ.

Къуажэхэм зэсхэр псом хуэмыдэу щыгуфІыкІащ илъэс куэд лъандэрэ ямыІаУ зэхуэкІуа кардиологым. - Хэт и дежкІи щэхуэкъым зигу зэ щыхуэхэр мы зэманым куэдыщэ зэрыхъуар.

ЖАНХЪУЭТ Зузэ.

Дунейпсо республикэхэм

КІуэ пэтми зеужь

АДЫГЕЙ. ***Республикэм и Іэтащхьэ Тхьэкіэтлыныр Астрэнджэрий Іуащіащ лэжьыгъэ Іуэхуэкіэ кьаухуэбгэгъэ, Урысей Федерацэм и Президентым и полномочиэ лІыкІуэу Ипщэ федеральнэ щІынатІэм щыІэм и къуэдзэ Гурбо Владимир. Аухэр тепсэлъыхьащ щІынальэм и социально-экономикэ унэтІыныгъэ нэхъыщхьэхэм.***

ГУРБО Владимир Адыгейм къыщІэкІуар УФ-м и Президентым и егъэблэгъанІэм цІыхухэм щалуцІэнырщ. «Адрей щІынатІэхэм ельытагъэу, республикэм щыпсэуэхэм ящыщу зыкъыгтхуэзыгъазэкэр куэд хуэркъым. Абы кьегъэлъагъуэу цІыхухэр нэхъыбэу зыгъэпейтей гугъуехьхэр щыпІэ власткэм зэІахьыным Адыгейм и унафэщІхэм гулъытэ хэха зэрыхуащІыр», - жиІащ хьэщІэм. Федеральнэ къулыкъущІэм кьыхигъэщащ республикэм социальэ программэхэр ехьулІэныгъэ пыІту зэрыщыпхагъэкІыр.

ЩІыналъэм и зыужьныгъэм теухуа Іуэхугъуэхэм щытепсэлъыхьым, хьэщІэм жиІащ нужьрей илъэсхэм Гъавэ кьеХьэлІэжьныкІэ Адыгейм етІуанэ увыпІэр зэрэпІыгъыр. Республикэм щыІэ жылагъуэ-политикэ щытыкІэ тэмэным инвестицэхэр нэхъыбэу кьыхэзрыригъаІэми гулъытэ хуищащ.

Анапэ кІуэну загъэхьэзыр

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Урысей Ипщэм гъуэзджэм и мастерхэм я «Кавказым - мамырыгъэ» XV дунейпсо фестиваль фонІадэм и 6-9-хэм Краснодар крайм щекІуэкІыныщ. Кавказ Ищхьэрэ, Ипщэ федеральнэ щІынатІэхэм, Абхъазымрэ Осетие Ипщэмрэ я лІыкІуэхэр, артист щэрыІуэ миныкІ нэблэгъэхэр Анапэ кьаухэм зэхуишэсынущ.***

Къэрэшей-Шэрджэсым и щІэкІэ мы гъэм фестивалым хэтынущ «Эльбрус» къэфакІуэ къэрал ансамблэр, социологие щІэныгъэхэм я кандидат, доцент Сангилбаев Іэбу-Піалиб, декоративно-прикладной гъуэзджэм и ЩІэщІагъэлІхэу Алий Алинэрэ Тебуевэ Мадинэрэ. Адыгейм и «Налмэс» художественнэ гупым щыгъуу «Эльбрус»-р фестивалым и концертым къыщыфэнущ.

Гъэ еджэгъуэщІэм ирихьэлІэу

Урысей МЧС-м и Управленэ нэхъыщхьэу Къэрэшей-Шэрджэсым щыІэм щекІуэкІащ республикэм и школхэр гъэ еджэгъуэщІэм зэрыхуэхьэзырым щытепсэлъыхьа зэІущІэ. Абы хэтащ КъШР-м Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм и лыкІуэхэр.

МЧС-м кІэтыпІэныпІэмкІэ и Іуэхущ1апІэм и унафэщІ Немцов Виталий зэІущІэм кьрихьэлІаХэр щыгъуазэ ищІащ республикэм и курыт еджапІэхэр гъэ еджэгъуэщІэм зэрыхуэхьэзырым. Фокладэм и 1-м Къэрэшей-Шэрджэсым и школи 187-м я бжэхэр зэІуахынущ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

■ Гъэзэгуанэ тхыгъэ ■ Гъэзэджэ ■ Гулъытэ

КЪЭБЭРДЕЙ

■ Спорт Щбэт кьыдэкІыгъуэ ■ Малъхъэдис

Сурэтыр **МАМИЙ Руслан** *трихащ.*

Къанокъуэ Арсен хамэ къэралхэм щыщ ди лъэпкъэгъу ныбжьыщIэхэм яхуозэ

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-иэ нап.).

Сирием щыщ Къбэрдей Мухьэмэд КъБР-м и Iэтащхьэ Къанокъуэ Арсен фIыщIэ хуищIащ зэман яхухихуэ къаэзэрыуIащ папщIэ. Апхуэдэуи гупыр зи нэ§ щIэт «Россотрудничество»-м и унафэщIэхэм псалъэ гуапэкIэ захуигъэзащ адэжь лъэхэр ираГъэщIыхуэ щIэныгъэкIэ Налшык къэмыIэпыкIыжу программэм зэрыхагъэхьам щхьэкIэ. Виз кьыдэхьынымкIэ, Урысейм щыпсэунымкIэ я Iуэхур нэхъ тынш щыхъунырэ дапщэщи Мухьэмэд щыщIэупщIэм, абы и жэуапу Пащты Борис жиIащ зи гугъу ящI Iуэхур къэралым иубзыхуэ хабзэм тету зэрекIуэжыр.

- УФ-м и Iэщ и хэкуэгъуэхэм ятеухуа унафэ щхьэхуэ. Абы кIыхьэригъэувым хуэдэу зэфIэтхыу араща Iуэхур, - жиIащ Пащтым. - Ауэ абы и программэ щхьэхуэ ди деж щолажьэ, дэфтэрхэм епха лъэпощхьэпохэр нэхъ тынш щIыным екъэлIауэ. Абы ипкъ иткIэ, къэкIуэну хуейкъэм гугъуехь пымыльу виз кьыдахьэ, мыбдеж къэса нэужь, псоми дадоIэпыкIыу.

Къанокъуэ Арсен абы теухуауэ жиIащ виз, дафтэр Iуэхухэр хабзэ щхьэхуэм зэрытетыр. «Ауэ дунейм зэрыпэужьыкъым тепщIыхьмэ, илъэс 20 хуэдэ дэкIмэ, гугъуехь лъэпкъ хэмылъу дызэкIэлыкIуэу, къэралитIми я гражданствэ хуейкъэм яIэу, хэкум кьитIысхьэжьыну зи мурадкъм я Iуэху псынщIэу дэкIыу зэрыхъунымкI щэч кьытесхьэркъым. Илъэс 20-30-кIэ фызэплъэкIыжьыт. Хэт и гугъэнт мыпхуэдэзу дызэкIэпыкIуэу дыхъуну?? - жиIащ республикием и Iэтащхьэм.

Къардэн Самир и упщIэм зэрыщIэщытар КъБР-м студент нэхъыбэ кьакIуэрэ щеджэу зэтрагублэнымэ, Налшык - Амман авиарейс кьызэрагъэпэщынымэ пыщIахэрэт.

- Хамэ къэралхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм я щIэблэхэм ящыщу хэкум кьакIуэу щеджэну хуейкъэм ар япэдыдыкым, - жиIащ Къанокъуэм. - Нэгъабэ, къапщтэмэ, цIыху 90-м щIитIу КъБР-м щеджэну къэкIуащ. И чэзум хьыбар кьыдагъащIэмэ, я тхылъхэр зыкуей хуагъаззэмэ, абы гугъуехь гуэри кьыхэкIыну си гугъэкIым. Кхъухьльатэм теухуауэ Йорданием я лыкIуэхэм депсэлъауэ щытащ, дяпэки а лэжьыгъэм пытщэну кьыщIэкIынщ. Ар Налшык е Минеральные Воды тельэтыкIынущ. Амман и мызакъуэу, Дамаскиз кIуэ кхъухьлъатэ тедгъэувэну ди гугъащ. Тыркум кIуэ рейсхэр зэтеубгъауэ щытащ.

Адэжь IэщагъэлI ныбжьыщIэхэр щIэупщIащ Сирием кьикIыжхэмрэ дяпэкIэ кьэкIуэжыну зи мурадкъмрэ зыщыгугъ хьунум, КъБКъУ-м щеджэну, Къэбэрдей-Балкъэрым щыпсэуну хуейкъэм я Iуэхум Iэтащхьэр зэреплъым, нэгъуэщIэкIэ.

Ёжов Леонид кьыщыпсалъэм кьыхигъэщащ «Россотрудничество»-м и программэм Iуэхугъэу куэд кьыдзэрыдзэщIуфыдыр.

- Пэжыр жысIэнщи, иджы папэу жысIэнщ зэрыпсэлъэнщ. Аращ щIалэгъуалэр мыпхуэдэу республикэм и Iэтащхьэм IущIэныр. АбыкIэ фIыщIэ ин хуэфащэщ КъБР-м и Iэтащхьэм. Нобэ гъэзу кьытехьаэхэр хьэщIапIэ кьэкIуа кьудейуэ аракъым, атIэ щэнхабзэ, политикIэ, щIэныгъэ зэпыщIэныгъэхэр ягъэбыдэныкмкIэ IэмалыфI яIэ хьуащ.

КъБР-м и Iэтащхьэм хьэщIэхэм яритащ республикэм теухуа, сурэт щхьэжьIэпыкIэхэр зэрыт тхылъышхуэр. Абы жиIащ гугъуехь зыхалъагъэу псори, нобэ зи гугъу ящIыну хунэмысахэри хьыбару кьыIэрагъэхьэмэ, зэрыкуэзэфIэкIкIэ зэрадзIэпыкIынур. «Абы щхьэкIэ илъэсым зи мыпхуэдэзу дызэлыущIэн хуейуэ аракъым. АтIэ КъБР-м и ЩIалэгъуалэ Парламентым, Правительствэм хэтхэм фахуэзэхуэщи, фызэрыщIыху, фызэпсалъэ, ар лъэмыж тхуэхъунщ», - кьыхихгъэщащ Къанокъуэ Арсен.

НЭЩIэпыдЖ Замир.

● КъБР-м и Пенсэ фондым

Зыхуэйр къыхах

Жэпэгъуэм и 1-м еух федеральнэ лъготэ зиIэхэм 2013 гъэм социальнэ Iуэхутхьбзэхэр нэхъ кьызэращтэм хуэдэу яIэрыхьэн папщIэ, щыпсэу щIыпIэм щыIэ Пенсэ фондым зыхуэфащэ лъэIу тхылъхэр ират щыхьуну пIальэр.

УФ-м и Пенсэ фондым и Къэбэрдей-Балкъэр кьудамэм фигу кьеГъэIыж социальнэ Iуэхутхьбзэхэм я пIэкIэ ахьшэр кьыхэзыхауэ (нэгъабэ е нэхьапэкIэ) 2013 гъэмэ а щIыкIэм тетыну зи мурадым ПФР-м зыхуимыгъаэмэ зэрыхьунур. Социальнэ Iуэхутхьбзэхэм зэрыхуэмеймкIэ (кьыIыхьну зэриубгъжымкIэ) тхылъыр зэратар зэщ икIи лъготэр зейм нэгъуэщI жэрдэм ищIыху абы кьару иIэщ. А Iуэхур зэрызэфIах щIыкIэр 2009 гъэ IыкIи зэрэзэ нэхъ тынш ящIащ. Тыкъэпэм лъготэ зиIэм илъэс кьэс лъэIу тхыль итхын хуейуэ щытамэ, иджы зыкIэ зэфIокI. ДяпэкIэ лъготэ зиIэр Пенсэ фондым щIэкIуэнур Iуэхучэутщ: соцпакетыр япэу кьыщыIихынымрэ ахьшэм и пIэкIэ соцпакетыр (е абы щыщ Iыхьэ) щIэрыщIэу кьыщыхихыжьымрэщ.

Къбэгъэльэгъуапхэщ нэгъабэ IыкIи зэрэзэ социальнэ Iуэхутхьбзэхэр Iыхьнищ зэрызэхэтыр, нэхъапэм ахэр тIу фIэкIа зэрымыхьуар. 2012 гъэм мэлыхьыхьым и 1-м кьыщыщIэдзауэ соцпакетым мазэ кьэс сом 795,88-рэ хуэзащ.

Абы щыщу:

- сом 613-р дохутыным (фельдшерым) и рецептхэмкIэ медицинэ дэIэпыкьныгъэм и пщIалъэхэм тету зыхуэят хущхьэхэмкIэхэмкIэ, медицинэ IэмэпсымэхэмкIэ, ауэдэу сабий ныкьуэдыкьуэхэр ерыскьы хэхакIэ кьыIэзэпэщIыным;

- сом 94,83-р уз гъэтIылъаэхэр профилактикэ ящIын папщIэ, медицинэ тхылъ зиIэхэм санаторэ-курорт путевкэхэр кьахудэхьным;

- сом 88,05-р кьалэ Iуэну гъущ гъуэгу транспорткIэ, апхуэдэу кьыщеIэзэну щIыпIэм кIуэхэмрэ кьэжьыжхэмрэ кьалэ зэхуаку транспорткIэ пщIэнщэу кьешэжкIыным.

Лготэ зиIэ дэтхэнэми а Iуэхутхьбзэхэр хуащIэнущ, хуейм абыхэм пэжыр ахьшэу иратынущ.

Федеральнэ лготэ зиIэхэр федеральнэ бюджетым и хьэкIкIэ мазэ кьэс ахьшэ зыхухах цIыху щхьэхуэхэрщ. Апхуэдэщ Хэку зауэшхуэм хэтахэр (ныкьуэдыкьуэ щыхьуахэр), ныкьуэдыкьуэу кьальытахэр, сабий ныкьуэдыкьуэр, зауэ зэпэщIэтыныгъэхэм я ветеранхэр, фашистхэм я гъэрыпIэм ихуа ныбжьыщIэхэр, блокадэ лъэхъэнэм Ленинград щыпсэуахэр, Хэку зауэшхуэм зэкIуэдахэм, къэзыгъэзэжу дунейм ехьижахэм я унагъуэхэм щыщхэр, радиацэм е нэгъуэщI кьахъукащIэхэм я зэран зэкIаехэр.

Иджыпсту Къэбэрдей-Балкъэрым федеральнэ лготэ зиIэу 19033-рэ щопсэу. Мы гъэм щыкIуэ 13747-м социальнэ Iуэхутхьбзэхэм я пIэкIэ ахьшэ кьыIах.

УФ-м и Пенсэ фондым и Къэбэрдей-Балкъэр кьудамэм и пресс-Iуэхущ Iанэ.

● КъБР-м и Жылагъуэ палатэм

Сабий джэгупIэхэм иремыIусэ!

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм иджыблагъэ зэIущIэ щекIуэкIащ. Ар теухуауэ щытащ сабийхэм яхуэхъуа джэгупIэхэм щыщхэр ухуэныгъэм папщIэ кьызэрагъэсэбэпым унафэ гуэр тещIыхьын зэрызыхуейм.

ЗэIУщIэр езыгъэкIуэкIа, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм хэт Хьэтэжьыкьуэ Валерэ жиIащ иужьрей илъэсхэм къэралым и хабзэхьумэ Iэнатlэхэм щыхуэхэм я тхъэусыхафэ куэд зэрэщыIалъхьэр, пщIантlэхэм дэт сабий джэгупIэхэм я пIэкIэ уней такъэнхэр, щIыхум Iуэхутхьбзэ щыхуащIэ унэхэр зэращIыр кьыхэкIыу.

Апхуэдэ гугъуехьхэм пэщIэхуауэ зэIущIэм кьрихьэлIа кьалэдэсхэм кьыхагъэщащ щIыхум ухуэныгъэ игитрэкIуэкIыну хунту тхъыль щратым и деж а щIыпIэм и гъунэгъу щыпсэухэм я Iуэху епльыкIэр кьызэримыльытэр. Нашлык кьалэ администрацIэм и лыкIуэ Iэгъуей Арсен жиIащ апхуэдэ унафэ кьыщащтэкIэ УФ-м, КъБР-м щызекIуэ законхэм Iуэхур зэрыгъащIыхьыр.

Сабийм и хуитыныгъэр хъумэмыкIэ уполномоченнэу КъБР-м и Iэтащхьэм деж щыIэ Узэгъуэ Светланэрэ КъБР-м и Парламентым и депутат Щыхьалы Заирэтрэ жаIащ администрацIэм хуитыныгъэхэмкIэ хабзэр кьыщызэпиуд куэдэ я кьызэрыкъуэр, апхуэдэ лъабжьэхэр зыгуэрым иращэнри хабзэм кьеъэзгъэ кьемыдзэгъэ кьызэрыщытапхэр.

ЗэIущIэм щыжаIащ кьаIэта Iуэхум гугъуехь куэд зэрыпыщIар. Кьыхагъащащ ухуэныгъэ щрагъэжьыкIыну хуит ящIу ята тхъыльхэм хэпльэкьын зэрызыхэр, дяпэкIэ апхуэдэ мыхьумыщIагъэ яIэщIэкI зэрымыхьунур.

ОЛЬМЕЗОВ Расул.

● IэщIагъэлIым и псалъэ

Зэрызэрахьэм елъытащ

УФ-м и Конституцэм ипкъ иткIэ, щыр зи щIынальэм ясыж лъэпкъэр псэуныгъэр лъжьыгъэкIэ кьызэзыгъэпэщ лъапIэныгъэхэм я лъабжьэу кьалытэ икIи абы тету яхьумэ. Щыв Iыхьхьэм ящыщу нэхъ ягъэнэхьапэр щыхуэхэр ерыскьыпхьэкIэ кьызэзыгъэпэщ гъавэ щIапIэхэрщ.

УРЫСЕЙМ Мэкьумэщ кIэлъыплъныныгъэмкIэ и Iуэхущ Iапэм и Къэбэрдей-Балкъэр кьудамэм гъавэ щIапIэхэмрэ зэрызэрахьэ щыIэм, зыбгъэдэлъхьэм емыльытауэ, жыларегъэхьэм я щIым хьыкьэжьрэ я щытыкIэр кьепщIыту.

Нобэ ирихьэлIэу республикэм мэкьумэщ щIапIэу гектар мин 710-м щIигъу иIэщ. Абы щыщу гектар мин 626,4-р кьагъэсэбэп: вапIэр гектар мин 287,6-рэ, илъэс куэдкIэ кьызыплъыIэ жыг хадэхэр гектар мин 7,9-рэ, мэкьуплIэхэр гектар мин 60,7-рэ, хьэрпэхэр гектар мин 270,2-рэ мэхьу.

Щым кIэлъыплъ Iуэхущ Iапэм и кьалэн нэхъыщхьэр ар зыщIыхьэм фейдэ пыльу, зэгъэзэхуауэ кьагъэсэбэпыныр кьызэгъэпэщыжьрэ, щым и фIагъыр хьумэныжьрэ зэфIэгъэувэжьныжьрэщ.

Къэпщытэныгъэ-кIэлъыплъныныгъэ лъжьыгъэ псори республикэм и прокуратурэм джы щызэхуагъакIуэ икIи «Къэрал кьэпщытэныгъэр» (кIэлъыплъныныгъэ) муниципальнэ кьэпщытэныгъэр щрагъэжьуджидэ Iэнатlэхэмрэ щхьэзэкъуэрылажьэ хьэрычэтыщIэхэмрэ я хуитныныгъэхэр хьумэным и Iуэхукъ»-э 2008 гъэм дыгъэгъаезэм и 26-м кьыдэкIа ФЗ №294-м кьыгъэувэжьрэ ткIийуэ тету кьызэрагъэпэщ.

Инспекторхэр куэдрэ яхуэхъунэ я мэкьумэщ щIапIэхэр зэгъэущ мурадкIэ кьэзыгъэсэбэпэхэм, удзыкьэрэ чыцэкIэ зэщIэкIэжаехэм, ухуэныгъэ е нэгъуэщI лэжьыгъэхэр щрагъэкIуэкIкIэ зэрыхуеIуэу щIым и щхьэфэ нэхъыфIхэр тезыхэхэм, зыгъэIэпэхьуэхэм, кIэрызыхьбжьэрыху идзыпIэ ящIаэм.

Гъавэ щIапIэхэм зэрахъэсакьым, фейдэ пыльу аузэ зэрызэрахьэм кIэлъыплъу мазих кIуам кьэпщытэныгъэ 391-рэ ираГъэкIуэкIащ. Щы Iыхьэ 448-м я щытыкIэм епльащ. Мэкьумэщ щIапIэ гектар мин 34-м щIигъу кьапщытати, 421-м щымиIэ законодательствэр кьащыщыгъэпаудауэ кьахутащ. Кьыщыгъэщащ ныкьуэсаныгъэхэр ирырагъэзэкIуэжьын папщIэ, кьуаншэхэм тхъуль 69-рэ хуатхащ, административ-нэ кьуэдыуэ сом минин 178,6-рэ тралъхащ.

Мэкьумэщ кIэлъыплъныныгъэмкIэ федеральнэ кьуныкьуащIапIэм и щIыналъэ кьудамэм и кьалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ шынагъуэ зыпыль химие веществохэмкIэ ящIэпIа щы Iыхьэхэр кьхъутэжыр. Илъэсым щыщу блэкIа зэманым агрохимие, химие-токсикологие кьхъутэныгъэхэр ирагъэкIуэжьын папщIэ, гектар 246-м щы лIэужьыгъуэ 42-р я кьыхахэри, Краснодар щыIэ ветеринар лабораторэм ираташ. Яджа нэужь, металл хьэльэхэм я щыгъуэмрэ пестициду кьахэнамрэ мардэм щIигъу кьахутакIыж.

Щы зыбгъэхэм яту кьэдгъэжьыжьну дыхуейт республикэр кьеслъыпхьэрэ мэкьумэщхэкIэмкIэ тэмэму кьызэрэгъэпэща хьуныр гъавэ щIапIэхэр егугъуу, фейдэ пыльу зэпэзэрахьэм фIэкIыпIэнщэу зэрельытащ.

БЕКЪАН Заур,

Урысейм Мэкьумэщ кIэлъыплъныныгъэмкIэ и къулыкьущапIэм и Къэбэрдей-Балкъэр Iуэхущапlэм щы кьэпщытэныгъэмкIэ и кьудамэм и къэрал инспектор нэхъыкьэ.

● Гулъытэ

ЩIэблэм я узынщагъэм кIэлъоплъ

КъБР-м Узынщагъэр хьумэныкIэ и министерствэм гулъытэ хэха зыхуищI Iуэхугъуэхэм ящыщу дунейм кьытехьагъащIэ сабийхэм я щытыкIэм кIэлъыплъныныр.

ПСОМ хуэмыдэу дэIэпыкьуэгъу хуэныкьуэхэм хабжэ зи Iуэхьалъагъэр щыIэ мардэм нэмысу кьальхьуэхэр. Абыхэм папщIэ иджыблагъэ Республикэпсо сабий клиникэ сымаджэщымрэ Перинатальнэ центрымрэ кьалэрыхьащ сабий цIынэхэм я тхъэмбылыр хуиту зыгъэлажьэ, нарко зэрырат, зэрэдзэуэ, реанимацэм кьащагъэсэбэп Iэмэпсымэхэр. Абыхэм я дэтхэнэми дохутырхэм я лэжьыгъэр лъэныкьуэ куэдкIэ кьащигъэпсынщIэнущ.

Зыхуеят-зыхуэфIхэм кьадэжьIуэ, нобэрей мардэхэмкIэ кьызэгъэпэща реанимобиль кьащIэхущ. Абы текIуэда мыльку республикэ бюджетым ныжьэкIащ.

КъБР-м узынщагъэр хьумэныкIэ и министрым и кьалэнхэр зыгъэзащIэм кьызэрыхигъэщамкIэ, сабий сымаджэхэм щIэ§эз Iэнатlэхэм папщIэ Iэмэпсымэ зэмылIэужьыгъуэгъэ 300-м нэс кьащIихуащ. Абы текIуэдащ сом мелуан 42-р мэн 297-рэ. Ауэ ари зыхуейм и зэхуэдэтIым нэсыпэркъым. Апхуэдэу илъэситI пIальэм кьриубгъэ илъэс 14 ныжькIым итхэм я диспансеризацэ Iуэхур зэфIагъэжьын хуейуэ кьапэщIыплI. Псори зэхэту ныжьэкIащ 20345-м я узынщагъэр кьапщытэнущ. Мы Iуэхум хухахащ сом мелуан 29,5-м нэблагъэ.

ЖАНХЪУЭ Зуэз.

Горлов Михаил, Фырэ Руслан, Пащты Герман. *Сурэтыр* **БЕКУЗАР Юлие** *трихащ.*

● Гъуэздджэ

СурэтыщI, усакIуэ, тхакIуэ Горлов Михаил и дунейр

Сурэтыщ I гъуэзджэхэмкIэ музейм, Тхеченкэ Андрей и цIэр зезыхьэм, кьыщыщэIуахащ художник цIэрыIуэ Горлов Михаил и лэжьыгъэхэм я гъэльэгъуэныгъэ.

УФ-м и Сурэтыщ Iэхэм я зэгуэхэныгъэм 1984 гъэм щыщIэдзауэ хэт Горлов Михаил и выставкэхэр Налшык щыбжанэрэ щекIуэкIащ, республикэ, урысейпсо, дунейпсо гъэлъэгъуэныгъэхэми и лэжьыгъэхэр мыз»-мытIэу утыку кьыщрихьащ, епльэкъ гъэщIэгъуэн ящыхьуу.

Горлов Михаил и гуфIэгъуэр даIэтыну зэхьыхьэм зыкъраГъэхьэлIат и ныжьжьгъуэхэм, лэжьэгъуэхэм, Iыхьлхэм, гъуэзджэр фIыуэ зыльIагъуэм.

Горловым утыку кьрихьа «Дахъэжь мафIэм деж», «Тутынафэ», «ТIу», «Уэрэд щIодзIу», «Iутынафэ ныжьжьщIэ», «Суреттех зыIыгъ тутынафэ», «ЩхьэзакIуэ корреспондент», «Тхьыльджэ тутынафэ», нэгъуэщI и лэжьыгъэхэри зытриухуар тутынафэрт, абы уэзыншагъэм кьыхуихь зэранигъэрт.

Сурэтыщ I гъуэзджэхэмкIэ музейм и унафэщI **Жантудуевэ Елизаветэ** зэхьыхьэм кьекIуэлIаэхэм фIэхьуэ гуапэ яриха нэужь, жиIащ Горловым и лэжьыгъэхэм я гъэльэгъуэныгъэр кьыщыщIэухьар ар кьыщалъхуа махуэм зэрырагъэхъэлIар.

КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр **Фырэ Руслан** зэхьыхьэр кьыщыщIэухьым, жиIащ тутынафэм теухуауэ Горловым утыку кьрихьа лэжьыгъэхэм куэдым уэзэрыгагъэгупсысри, ахэр нобэрей зэманым зэрыпэджэжьыр. Илъэс зыбжанэ хьуауэ и цIыхуэ Горловыр зэрызэчиифIэр, зэрыщIыху зэпIэзэрытыр кьыхигъэщащ. Фырэр сурэтыщIым екъуэхьуащ екъуIэныгъэ, уэзыншагъэ, насыпыщIыжьыну.

КъБР-м и Сурэтыщ Iэм я зэгуэхэныгъэм жэуап зыхь и секретарь **Сындыку Нелли** кьыхигъэщащ Михаил мы зэхьыхьэм щигъэльагъэу сурэтхэр 60 гъэхэм щIидзэу зэрызэхуихьэсар, сурэт щыным кьыдэкIуэу, ар усэным, тхэным зэрыхуэмыхамэр, унэтIыныгъитIми жанр зэхуэмыдзэкъэм зэрыщылажьэр. Горловым гъуэзджэм, литературэм щылэжьэн папщIэ гукъыдэжьм кьеъэшт, и Iуэхуэр сыт щыIуэри дэзыIыгъ и щхьэгъуэ Надеждэ Сындыку Нелли уз гъэгъахэр тыгъэ хуищащ.

УФ-м и цIыхубэ сурэтыщI, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, Красноярск кIэлъыплъныныгъэмкIэ щыIэ и студием и кьыдэгъэпэщащ Iуэхур ящI **Пащты Герман** жиIащ куэдым кьагурымыIуэ, ягу дэмыхьэ, ауэ живорисми скульптурэмэ я кьежьапIэ графикэ жанрыр Горловым кьызэригъэщIэрэщIэжьыр.

- Гъэльэгъуэныгъэм хигъэхьа дэтхэнэ и сурэтри зэрызэхэль плыйфжкIэ зэкIужщ, гупсысэ куукIэ гъэщIащ. Горловым и лэжьыгъэхэмкIэ республикэм и гъуэзджэм хэльхьэныгъэфI хуищащ, - жиIащ Пащтым. - Михаил кьыдигъэкI тхъыльэр купщафIэщ, сурэт екIуэмкIи егъэщIэращ. ДяпэкIи и сурэтхэмкIэ дигъэгуфIэну, екъуэлIэныгъэфIэр ильну си гуапэщ.

УФ-м и Сурэтыщ Iэм я зэгухьэныгъэм хэт **Бгъэжьнокъуэ Заурбэч** жиIащ гъащIэм нэхъыщхьэу хэльыр - ар цхьэж езым фIэгъэщIэгъуэн дуней, дзэхьэхь IуэхутгъэхэмкIэ гъэщIауэ, ихуэжьжьыр зэрыарар. Горловым я Iуэхур кьыдзэрехьулIар, абы и графикэ, живописэ сурэтхэмрэ тхъыльхэмрэ щIэлъ философиемрэ ар ещIу ящIымыгъэу кьыдзэрызэщIымыгъэхьур кьыхихьащIэ. Горловым и Iуэхуэр

Куржы-Абхъаз зауэм хэкІуэдахэм я фэеплым деж. *Сыхъум къалэ.*

Абхъаз Республикэм и Президент Анкваб Александрэ Правительствэм хэтхэмрэ.

1992 гъэ... ШыщхьэІум и 14... - Абхъаз Республикэм и тхыдэм и напэкІуэцІ щхьэхуэщ а махуэр, гуІэгъуэрэ бэлыхькІэ гъэнщІауэ... Илъэс 20 и пэкІэ, а махуэм Куржы Къурал советым и дзэр Абхъазым кьытеуауэ щытащ. КьыззэрыгуэкІ Іэщэ фІэкІа зыІэщІэмыльэ дж къуэшхэм кьапэуващ танк, артиллерие, жьхъхьльатэ, вертолет - кІэщІу жьпІэмэ, Іэщ льэрыхьхьхэмкІэ зэщІэуэзда куржыхэр. Куэдрэ зэуэну загъэхъэзырэгъкым абыхэм, атІэ кьрахьэжьа Іуэху шынагъуэмкІэ абхъазэхэр ягъащтэу, а махуэ дыдэм е кьыкІэлыкІуэм АР-м и Совет нэхъыщхьэр зэбграгъэжІыу Куржы Къурал советым а Іуэхум унафэ щытращІыхьыну арат я мурадыр. Ауэ зи адэжь льахэмрэ зи пщІэмрэ зыхъуэжу кьапэувахэм я ерыщагъымрэ я псэм и быдагъымрэ щалъагъум, куржыдзэм зэхэуэ гуащІэхэр иублащ. Мис абы щыгъуэ щІидзащ абхъазхэм я дежкІэ хэку зауэшхуэ хьуа зэпэщІэтыныгъэ ткІийм.

Апхуэдэ зауэ гуащІэхэр махуэ 413-кІэ екІуэкІащ. Абы и ящэ махуэм Льэмыж Пльыжьым деж зы куржы танк кьыщащтащ, абдеж кьыщежьэри, куржыдзэр кьанэ зыщІыхьэу хагъэщІащ.

Махуэ 413-кІэ екІуэкІа зауэ

●Гъэзэуанэ тхыгъэ

АБЫ ЛЪАНДЭРЭ щыщхьэІум и 14-м Апсным и щыхубзм ягъэпытапІэ зи хэкур зыхъУмэжу хэжІуэдахэм я фэеплъыр. Мы гъэм ильэс 20 ирикъуащ Куржы-Абхъаз зауэр зэрыщІидзэрэ. Апхуэдэу тхыдэм кьыхэщыкІ пэтми, езы абхъазхэм зэрыкьаэр сигу ирихьащ: «1992 гъэм щыщхьэІум и 14-р ди Текіуэныгъэм и пэщІэдзэщ, и япэ махуэщ».

Фэеплъ махуэм и пэщэджьжьым, хабзэ зэрахуэхъуэм тету, Абхъазым и хьумакІуэхэм я мемориалым удз гъэгъахэр тралъхьащ. Сыхьэм Абхъазым зауэм хэкІуэдахэм яхуэщІигъэну Зауэ Щыхьым и паркыу Сыхьэм кьалэм дэтым кьыщыззэхуэсат АР-м и кьалэхэм, районхэм щыщ цыхубзэр, Кавказ Ищхъэрэм и хэгъэгу зэхуэмыдэхэм икІалэхэр, Апсным и щхьэхуитныныгъэм щІэзэуахэр, хэкІуэдахэм я благъэхэр, Іыхьлыхэр, Тыркум, Сирием кьикІыжа я льэпкъагъэхэр.

Фэеплъ зэхуэсым кьрихьэлІащ Абхъаз Республикэм и Президент **Анкваб Александр**, вице-президент **Логуа Михаил**, Парламентым и спикер **Бганбэ Валерий**, УФ-м и Іыкьуэу Абхъазым щыІэ **Григорьев Семён**, АР-м и Цыхубэ Зэхуэсым и депутатхэр, Правительствэм хэтхэр, министерствэхэм, ведомствэхэм я Іыкьуэкр.

Зи гъащІэ щымыкъу бийхэм япэщІэувахэр, зи псэр щІыхь пІыльу зытахэр ягу кьагъэкІыжыну зэхуэса цІыхубэр псальэншэу сыкІыжьыгъэ бгъэдыхьэрт, удз гъэгъахэр трагъхьэрт, и хьуреягъыр кьакІуихьырти, льэныкьуэкІэ еуІэкІырт.

А гупышхуэм уащыхэпІыкІэ, гу ялъымытэкІэ Іэмал иІэтэхьым, щыгъын фІыцІэкІэ хуэпа, зи нэхэм нэпс кьыщІэува анэхэм. Зи бын хэкІуэда анэхэрат екІуэкІ Іуэхум и хьэпІагъым хэкІуэдахэр, илъэс 20 и пэкІэ кьэхьуа гуэзвэгъуэр нобэ я нэгу щІэкІым хуэдэу кьызышІыхьур...

Анэхэм я нэпсыр гъущакъым

«1992 гъэм щыщкьэІум и 14 махуэр дауэ фигу кьинэжа? Дэнэ щыззэхэфха кьэхьуа гуэзвэгъуэм и хьыбарыр? ДэвгъэжІа щалэм кьывжиІэнІауэ хунэса?», - апхуэдэ упщІэхэм я жэуапым нэпсыр кьрегъакІуэ, гур ехуэ, залымыгъэмрэ гуэзвэгъуэмрэ я купщІэр сэтей кьещІ.

Кичбэ Гули, Абхъаз анэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщІ: - Нобэрей махуэр зыми хуэмыдэжу игу кьинаш дэтхэнэ зи абхъаз анэми. Нобэ хуэдэ махуэрагъ кьалэдэс щІалэ цІыкІуэхэр зэхаха хьыбар жагъуэм Іэщхьэпцанэу щрищэжьар. Я льэпкъым, хэкум хуаІэ лъагъуныгъэм зэпэщІэ губгъуэм и ирищащ ахэр, Іэщэ ямыыбгъэр фащэкІи мыхъэпауэ. АР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Унафэщ Андзинбэ Владислав телевиденэмкІэ кьэпсэлъи я пэ, ди щалэ цІыкІуэхэр Сыхьэм дэжри, Льэмыж Пльыжьым нэсат.

Гуэгъуэт а махуэри, абы кьыкІэлъыкІуа ильэсри. Зы-рэ зимылажьэ, зи псэугъэ щалэ цІыкІуэхэр биищэм кьыхигъащІэрт. Дэтхэнэ анэм и кьуэр арэзыуэ дигъэжІынт? Псоми я бынхэм я гъащІэр яхьымпэр нэхъ кьащтэрт. Ауэ Іуэхум и куэгъаным уегупсысмэ, хэтыт льахэр зыхьумэнкІэ, хэтыт бийм пщІэувэнур, ди щалэхэр мыхъуэмэ? Зауэм зи псэр щІыпытахэр иджырэ кьыздэсым тщыгъупщакъым, дяпэкІи тІэщІэхунукъым.

Гурэ псэкІэ дыгуІэми, акьылкІэ кьыдгуроуэ хэкІуэда щалэхэр мыхъуамэ, ди хэкур зэрытхуэмыхъуэмнур. Нобэ мы сыным дек кьокІуалІэ иджыри кьыздэсым зи нэпс мыгъуща анэхэр. Сыным удз гъэгъахэр тралъхьэ Кавказ Ищхъэрэм щыщ щалэхэм, етІуанэ махуэм щегъэжьауэ кьытхуэуваха, я анэхэми, Абхъазым зыщызыгъэпсэху бзыльхугъэхэми.

Мыбдеж зи цІэр тетха дэтхэнэми я фэеплъыр ди дежкІэ льапІэщ. АфЬэкІа зэи щремыІэ мыпхуэдэ фэеплъ щалъгъэувын щхьэусыгъуэ. Дэ ди щхьэ кьрикІуа гуэзвэгъуэр зыпльэрыца, зыхэзыщІа дэтхэнэ зыми фІыуэ кьыгурыІуэн хуеИщ зауэкІэ Іуэху зэрыпхуэзэфІэмыкьынур. Тхьэ солъэу, ди льахэми, Кавказми, кэгъуэщІ щыпІэхэми апхуэдэ мафІэ: зэи кІыщымыкІынур.

Почулия Раисэ, зауэм хэкІуэда Почулия Валерэ и анэ: - ЩыщкьэІум и 14-р сэри си унагъуэм щІэсхэми зэи тщыгъупщкъым. А махуэм и пщэдджьжьым, адрейхэми хуэдэу, лэжьапІэ сыкІуат. Зауэ кьэхьеяуэ зэрыязэхахыу, си кьуищри пщІантІэм дэкІащ. Сэ лэжьапІэм щыІэхэхэуа хьыбарыр сигу щІыхьат, псом япэу сызэгупсысари си бынхэращ. Дакьикъэ бжьыгэ нэхъ дэмыкІыу сыкъэсыжат унэм, арщхьэкІэ, зи хэкур зэрапхъуэ щалэхэр я пІэ иэзгъэнт? Дэнэ кьыщыпсІлыихьэнт я льахэм кьытехьа лейр зымыгъэхъуфыну щалэ цІыкІухэр... Мазэ бжьыгэкІэ зыззэрыльэгъуакъым, я хьыбар сщІакъым. «Гур зэрыгъуэ дыгъур ирохъ», - кьыхуаІэратти, нэхъ ей дыдэу сызыщышынэ гуэзвэгъуэр кьысльэІэсащ: мазаем и 25-м Валерэ я ныкІащ. Бийм кьэтрилъэпса щэм я щхьэ, я бынм, кьэзылъхуан кьафІэмыІуэхуу пэщІэува щалигъэм я зыр сІэщІихащ зауэм. Ильэс 20 дэкІащ абы льандрэ. Мыпсэуж си кьуэм сыщеупсысІэ, зэми си нэпс кьыссфІыщІож, зэми си щхьэр льагъу сегъэльагъуж...

Пэж Лерэ, КьБР-м и кІа, зауэм хэкІуэда Пэж Заур и анэ: - Хуабжьу кьызэхъэпсыжу си гъащІэм хэт махуэщ щыщхьэІум и 14-р. Си кьуэр Заур Кьэбэрдеим щыщу япэ дыдэу Абхъазым кьэкІуа щалэхэм я хьэпІ. Унэм нысхуашэжар куржыхэм я Іэщ Іэкіуэда щалэм и хьэдэрщ. Си закъуэкьым апхуэдэ гуэзвэгъуэ зыльысыар, льэпкъ зэхуэмыдэ куэдым щыщ анэхэр игъэгуІащ а зауэм. Си кьуэр щыпсэуми, яукІа нэужьи, Абхъазым кьытехьэ лейм сигу хигъэзыІыт, дэІэпыкьуэгъу нэхъыбэ кьыззэрыльагъэІэсыным срительхьэт. Уеблэмэ, сэр дыдэр сыкъэкІуэну сыхуеят.

Ильэс тІощ блэкІами, си гум тель хьэльэр нэхъ псынщІэ хуяакьым. Сэ сыхуеИщ си кьуэм и псэр зыщІ ита, хэку етІуанэ схуэхьуа Абхъазым и уафэр сит щыгъуи кьащхьэуэу щытыну, зэгурыІуэн хуеИщ зауэкІэ Іуэху зэрыпхуэзэфІэмыкьынур, Тхьэ солъэу, ди льахэми, Кавказми, нэгъуэщІ щыпІэхэми апхуэдэ мафІэ: зэи кІыщымыкІынур.

Почулия Раисэ, зауэм хэкІуэда Почулия Валерэ и анэ: - ЩыщкьэІум и 14-р сэри си унагъуэм щІэсхэми зэи тщыгъупщкъым. А махуэм и пщэдджьжьым, адрейхэми хуэдэу, лэжьапІэ сыкІуат. Зауэ кьэхьеяуэ зэрыязэхахыу, си кьуищри пщІантІэм дэкІащ. Сэ лэжьапІэм щыІэхэхэуа хьыбарыр сигу щІыхьат, псом япэу сызэгупсысари си бынхэращ. Дакьикъэ бжьыгэ нэхъ дэмыкІыу сыкъэсыжат унэм, арщхьэкІэ, зи хэкур зэрапхъуэ щалэхэр я пІэ иэзгъэнт? Дэнэ кьыщыпсІлыихьэнт я льахэм кьытехьа лейр зымыгъэхъуфыну щалэ цІыкІухэр... Мазэ бжьыгэкІэ зыззэрыльэгъуакъым, я хьыбар сщІакъым. «Гур зэрыгъуэ дыгъур ирохъ», - кьыхуаІэратти, нэхъ ей дыдэу сызыщышынэ гуэзвэгъуэр кьысльэІэсащ: мазаем и 25-м Валерэ я ныкІащ. Бийм кьэтрилъэпса щэм я щхьэ, я бынм, кьэзылъхуан кьафІэмыІуэхуу пэщІэува щалигъэм я зыр сІэщІихащ зауэм. Ильэс 20 дэкІащ абы льандрэ. Мыпсэуж си кьуэм сыщеупсысІэ, зэми си нэпс кьыссфІыщІож, зэми си щхьэр льагъу сегъэльагъуж...

Пэж Лерэ, КьБР-м и кІа, зауэм хэкІуэда Пэж Заур и анэ: - Хуабжьу кьызэхъэпсыжу си гъащІэм хэт махуэщ щыщхьэІум и 14-р. Си кьуэр Заур Кьэбэрдеим щыщу япэ дыдэу Абхъазым кьэкІуа щалэхэм я гъащІагъыр зыхъэщІэгъэ.

Ардзинбэ Владислав и кхъащхьэр.

Эшерэ дэт музейм и зы пэш.

Си фІэщ мэхъу ди льахэ щыІэм и зыужьныныгъэр, нобэкІэ зригъэхъулІахэр абы щІэзэуа дэтхэнэ щІалэм псэкІэ зэрыяхищІэр, абыхэм зэрыщыгуфІыкІыр.

Эшерэ дэт кхъащхьэмрэ музеймрэ

Абхъазым и хьумакІуэхэм я мемориалым удз гъэгъахэр тралъхьа нэужь, гупышхуэр, кьанэ щымыІэу, щхьэж зэрыса машинэхэм йотІысхьэри, дэтхэнэ зи абхъазым дежкІи льапІэ щыпІэм макІуэ. Ар АР-м и япэ Президенту щыта, льэпкъ лІыхъужь Ардзинбэ Владислав щыщІалъхьа щІыпІэрщ - Сыхьум пэмыжьыжьэу щыІэ Эшерэ Ищхъэрэ кьуажэм дэтщ.

Ди щыхуГъэхэм кьыззрыджаламкІэ, гъэ кьэс щыщкьэІум и 14-м махуэ псом щыхуабэр макІуэ а щІыпІэм, льэпкым и пашэ Ардзинбэ Владислав ягу кьыгъэжІыжыну, хуэщыгъэну. А махуэри апхуэдэт. Іуащхьэ щІыкІум тет кхъащхьэм (сыныр иджыри яГъэвакьым) щІыхуэхэр щыму бгъэдыхьэурэ удз гъэгъахэр тралъхьэрт, льэныкьуэкІэ еуВэкІыртти, хуащІ пщІэм и нэщэнэу, дакьикъэ зыбжанэкІэ щыстт, абы зэрихьа лІыгъэм, хахуагъэм, льэпкъым и пащхьэ кьышІихьа фІыщІэхэм тепсэлъыхьу.

Кхъащхьэм и бгъымкІэ кьыщІитщ Ардзинбэ Владислав и щІэр зеэзыкьэ музейр. Куэд щІэзэуухьэсащІ пэщІипІ хьу унэм, хьэпшыпхэр екІуу щызгъэзэхуащІ. Нэхъ ипщэ дыдэ пшым фІэльщ Ардзинбэ и закьуэу зэрыт сурэтышхэр. Уеплъ пэтми защыбгъэнщІыркьым Ардзинбэ Владислав льэпкъ фащэр щыгъыу, зэуапІэ губгъуэм иту, и унагъуэм яхэсу, лэжьапІэ пшым щІэсу, и хэкум и дахапІэхэр и щІыбагъ кьыздэщІэу зэрытхэм. Абдежэм щыщІу Ардзинбэ и дохутыру щыта, Абхъазым щызэуа, иджы абы щыпсэу адыгэ щалэ Гъуо Анзор бгъурыбсу зытрагъэхэуэ щыта сурэтри.

ПэщитІым и блынхэм щыфІэдзащ Эшерэ щыщхэм, Кавказ Ищхъэрэм икІахэм, Гуми-ста фронтым Іута лІыхъужьхэм я сурэтхэр. Апхуэдэуи «Абхъазым и ЛІыхъужь» медалыр, Леон орденыр, «Хахуагъэм папщІэ» медалыр зратахэм я щІэ-унэщІэхэр зэрыт тхылъхэр щІэльщ. Гуэгъуэ куэд кьэзыхьа зауэм, ар щрагъэжІуэкІа Абхъаз къэрал цІыкІум, куэд зыщыгуфІыкІа я Текіуэныгъэм теуХуа уэсхэр Іэнэхэм тегушащ. ПльущІэ пэшым щІэльщ Владислав и льэпшыпхэр, и тхылъхэр, нэгъэщІ куэдИ. Абхъазхэм я лІы пашэм пщІэщхуэ хуащІ, музейм щыІэхэм сурэтхэм Іэдалъэ, тхьэ хуолъэу.

Дуней жэнэт зыхужьаІэ щыналъэ цІыкІур зыхъумажэрщ музейр зыхуащІар, абы-хэм я нэхъыжьхэу щыта Ардзинбэ Владислав и тхьэмадэ хуэдэщ а унэ зэгуэтым. Уи нэгу кьыщІонэ абы и пэшхэм зи сурэтхэр фІэль щалэщІ цІыкІухэм я тепльэр. Аха щащ иджыри кьыздэсым анэхэм яГьей кьуэхэр, лІыхъужьыщІэм иригушхуэ сабийхэм я адэхэр, зи льагъныгъэ дахэр кьыззпауда хьыджэбзхэр зыхуэщыгъуэ щалэхэр. Льэпкым и щхьэр льагъэу езыгъІэт лІыхъужьхэм я «хэщапІэщ», абхъазхэр нобэми щІэгуІэ нэщхьеягъуэм и дамыгъэщ, мамырыгъэм льабжьэ хуэхьу фІэепльщ, блэкІамрэ нобэмрэ зэпэщІэщІэ унэщ Эшерэ Ищхъэрэ дэт музейр.

ТекІуэныгъэм и уэрэдхэр

А махуэ дыдэм, щыщкьэІум и 14-м, и пщыхьэщхьэм тенджьы Іуфэм деж щагъэжІыгъуэщ «Ди ТекІуэныгъэм и уэрэдхэр» фильмыр. Мыр тезыхар режиссер, ильэс 20-кІэ Абхъаз къэрал телевиденэм щыІэжьа, зауэм корреспондент хэта Ходжавэ Эммэщ (зыгъэува художникыр Дзидзарие Тимурщ, операторыр Кучуберие Тимурщ).

Нэхъыбэм яльагъун хуэдэу ягъэува экраныштхэм и гупэм щэт 600 щрагъэувэкІат. Абдеж щыззхэсат АР-м и Президент Анкваб Александр зи пашэ Правительствэм хэт гупышхуэр, депутатхэр, хэкІуэдахэм я анэхэр, Абхъазым щызэуахэм я зэгухьэныгъэ Кавказ Ищхъэрэм и хэгъэгу-гухэм щыІэхэм я лІыкІуэхэр, зауэм хэтахэр, кьалдэсхэр, хьэщІэхэр. Утым куэд дыдэ кьыщыззэхуэсат - тІысыпІэу яГъэвакьым нэхъыбэ хьуртт ахэр. Зэпльнынэ гущІэгъуэн гуэру зэрыщытыр, блэкІамрэ нобэмрэ зэрыщыІэзэпэщІэжьыр, зауэр ящызыгъэпсынщІа захуагъэм сыт щыгъуи гъуэгу зэрихьэрт.

- Куржы-Абхъаз зауэм гушхуэныгъэри нэщхьеягъуэри щызэхэхуэхэнауэ щытащ. ТекІуэныгъэр я фІэщ хьууэ бийм пэщІэтащ зи псэугъуэ щІапІэ, хэкуп зэрыгъэ, Іэмал имыІэ, - жиІащ Михаил. - Хуабжьу сэбэныщхуэ хьуащ Іэмал и Іуэхум и ІуэрыІуэ. Ауэ щІэзэуа щІалэхэм я ІуэрыІуэ - ахэр жаІэ зауэр щекІуэкІыж илъэс зы-тІу нэхъыбэ зимыныбжьыщ щыта абдеж щІалэгъуаныр. БлэкІамкьыригъакІуэ зэпсымрэ нобэ зыхэпщІэ гурыщІэмрэ Іэпкъльэпкъщ я гущІэмрэ Іэпкъльэпкъщ егъэтхытх. Хэкіуэда щІалэхэм я гъащІэр гуузу кьызэпыудами, нобэрей щІэбгъэкІуэдащ. Мыбдеж, мамырщ! Си гъэ щІэтахэр зыщІэззэуар аракъэ-тІэ!

Мухьэжырхэм я утым дек щегъэжьауэ фэеплъ сыныр зэрытым жэ сэлэт фащэхэр зыщІэ щІалэгъуаныр. БлэкІамкьригъакІуэ зэпсымрэ нобэ щІэбгъэкІуэдащ. Мыпсэуж щІалэгъуаныр, мамырщ! Зи

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

Малъхъэдис

Иужьрей илъэсхэм дуней псом щынэхъ къулейсхэм ящ ягу къагъэльагъуэ Гейтс Биллщ. Иджыпсту абы поуз мексикэ магнат Слим Эллу Карлос, инвестор цІэрыІуэ Баффэт Уоррен сымэ.

Мелардырыбжэ Гейтс Билл цІыхухэр зэрыхущытыр зэщхькъым - хэти пщІэ хуеиІ, хэти йофыгъуэ. Дунейм и дзэ пліанэпи щытопсэльыхь абы и ахъшэм, псоми яфІэгъэщІэгъуэнщ апхуэдизкІэ мыпыку къыхэзгъэжьа щІыкІэр. Сыт щІэн хуейр апхуэдэ ехъулІэныгъэ уиІэн папщІэ?

Джэгуурэ къыщІадзэри...

Гейтс Уильям (Билл) Вашингтон хыхьэ Сиэтл къалэм къыщалъхуащ 1955 гъэм жэпуэгъуэм и 28-м. И анэр курыт школым и егъэджакІуэ, и адэр уэчыпу щытащ. Билл сабий къызэрыгуэкІыу щытащ, и ныбжьэгъуэхэм зыкІи кІащхьэщымыкІыу. Абы зыщихъуэжар и ныбжьыр илъэс 13 ирикъуа ныжьщ.

Апхуэдэ зэхуэмыдэныгъэм къежьапІэ хуэхъуар Гейтс щедж школым щІэс ныбжьыщІэхэм щІэуэ къежьа компьютерыр ирагъэщІыхуну мурад щащІарщ: «Ныбжьыщхэм компьютер къагъэсэгъэпыбгу егъэсэнэр зигу къэкІар сыщеджэ уней школым щыІэ Анэхэм я клубырщ. ПсапащІэ бззэрым къыщыхаха ахъшэмкІэ терминалрэ компьютерым ильэс псокІэ урилэжьэну хуит зыщІ эзманрэ къащхьащ. 60 гъэхэм я кІэухэм школакІуэхэр компьютерым бгъэдэтІысхьэнщ Сиэтл дежкІэ тельыджэт. Апхуэдэр зэи пщыгъупщэжькъым», - иритхащ Гейтс езым и Іэдакъэщ. «КъэкІуэнум и гъэзэгуэр» тхылъым.

Пэжщ, Билл и закъуэжьым а компьютерым къыщылъмыкІыжыру пэрысар, ауэ а зыращ а техникэ тельыджэм къэгъаз эз имыІэу дихьэхар. «Си ипэ программэр ильэс 13 сыщрикъым зэхэслъхьащ, абыкІэ крестикрэ ноликрэ уджэгу хъууэ арат. Сызыбгъэдэс терминалыр хуэм дыдэу фІэкІа лажьэртэкъым, экрани ИІэтэкъым. Дыщызэдзэжэгум дэж пасэрей зэрытхэ машинкэхэм ещхь клавиатурэмкІэ къэтщІыпыри, макъышхуэ зыщІ, кІыдадзагъэкІ техникэм дыпэлпэсу дыщыст. Абы къыдидзыж лентІыр шыІэныгъэ тхэмыльу етхьэжьэрти, деплъырт, текІуар хэтми къатщІэрт, итІанэ адрей кІуэгъуэр зыхуэдэнум дегупсысырт. Зи гугъу сщІы джэгукІэм дакъикъэ зыбжанэ нэхъ темыкІуадэ гъэтми, да ди щоджагъэщхэ зэманкІэ зэрыщыту тфІихьырт. Ауэ хэтыт ар къыщыфІэІуэхр? Хуабжьу дызыІэпишэрт тельыджэу къыщыхуэ техникэм»...

Ахъшэ хуэйт

Билл кІуэ пэтми нэхъ іейуэ

● ГъэщІэгъуэнщ

Гейтс Билл и зэфІэкІ

зыІэпишэрт программэхэр зэхэлъхьэным. Абы къыхэкІыу, лъэпощхьэпохэм ирихьэлІащ - компьютерым хухэха зэманыр къыззрищэхун ахъшэ хуригъэтрыжьым. Терминалым зы сыкъэт бгъэдэсын щхьэкІэ, ныбжьыщІэм дежкІэ ахъшэшхуэ - долларр 40 щІитын хуей хъурт.

«Программэхэм ехьэлІа хъэрычэтыщІэ Іэхъу кІэщІэгъэпэщыным сегупсысу щІэздзащ. Си ныбжьэгъу Аллен Пол сэрэ зы гуп зэхуэтэщэри, къыззрыгуэкІ программэхэр къэдгупсысу дыхуежьащ. ШколакІуэхэм я дежкІэ ахъшэфІ дыдэ хъурт апхуэдэ щыкІэкІэ гъэмахуэ зыгъэпэсэхугъуэм къэдгэжьар - доллар 5000. Абы и ныкъуэр ахъшэу къыдатырт, адрей Іыхьэр компьютерым дызэрыбгъэдэсын зэману тхухахыр. Компание зыбжанэм зэгурыІуэныгъэхэр етщІыпІэри, я программэхэр ихуэзэтдэхуэу щІэздзащ, абы къыпэкІуэу езыхэм я компьютерхэмкІэ дагъэлажьэу».

А льэхъэнэм Гейтс ильэс 16 ирикъуатэхым... Абы щыгъуэ информатикэмкІэ егъэджакІуэм Билл дежи зыщигъасэрт! Еджэным къыдэкІуэу, Билл программэ гъэщІэгъуэнхэр зэхилъхьэрт, уеблэмэ кьала администрацэм папщІэ игъэхьэзырат уэрамым зэрыщызекІуэ хабзэхэр убзыхуным ехьэлІа программэ.

«Майкрософт»-р къызэрыуэхуар

1973 гъэм Гейтс Гарвард университетым щІэтІысхьащ. Ауэ куэдрэ емыджвауэ, къиГэнэн хуей хъурщ, сыт щхьэкІэ жьыІэмэ, и зэман псори лэжьыгъэм Іихырт.

1972 гъэм Гейтс «Интел» компаниеи и лэжьыгъэм щыгъуазэ зэщІащ. Абы я лъэхъэнэм ящу къыщІигъэкІыу щІидзат щІыхуэм зэи къагъэсэбэпыну ямыгугъэ интегральнэ схемэхэр (чипхэр). Ахэр лифтхэр, калькуляторхэр ягъэлажьэн папщІэ къагъэсэбэпу арат. Зыми игу къэкІыртэкъым, зэман дзкІмэ, ахэр компьютерхэм я «акъыл» зэрыхъунр. Ар занщІэу къызыгурыІуар Гейтс Билл и закъуэщ.

Билл «Интел» компанием щылэжьэн щІидзащ. Абы къыщыщІагъэкІ чипхэр компьютерым щхьэкІэ къигъэсэбэпыну иужь ихьащ, арщхьэкІэ ахэр щыкІыу дыдзт икІи сэбэлынагъ нэхъыбэ къахьэн щхьэкІэ нэхъ лъэрызехьэу ящІын хуейт.

Ауэрэ компание щыкІу гуэрыи и унафэщІ Робертэ Эд микропроцессор зиІэ компьютер щыкІу зэпкъриІухьащ. «Альтаир» зыріащ компьютерым клавиатури, дисплеи, нэгъуэщІи иІэтэкъым. Ар зыкІи къыпхуэгъэсэбэпынутэкъым икІи хуэзфІэкІатэкъым.

Мис абы щыгъуэ Робертэ деж кІуащ Гейтсрэ Аллен Полрэ. ЩІалэхэм Эд жраІащ зэпкъриІухьа машинэ щІыкІым программэ ираІухьэу лажьэу зэрызэрауэфынур. Пэжщ, щІалитІыр гугъуэкъ куэдхэтащ - «Альтаиром» папщІэ Бейсик зэхэплъхьэныр тынщу къыщІэкІакъым. «Языныкъуэхэм дежи сыхэт бжыгъэкІэ пэшым сикІуКІ-сыкъыкІуКІу сыщІэтт, щэнтжьейм зыщІегъэщІыру сыгупсысэрт, сыгупсысэрт, сыгупсысэрт.

А льэхъэнэм Пол сэрэ дыжеиххэртэкъым, уеблэмэ жэщымрэ махуэмрэ щызэхэдгъэзэрыкъы къэхъуащ. Къысхуихуащ зыри щызэмышха, е зы цІыху щызэмылъэгъуа махуэхэр. Апхуэдэуэрэ тхьэмахуитху дэкІа ныжь, ди ягъ Бейсикыр зэхэтлъхьащ икІи микрокомпьютерхэм папщІэ программэ зытх зыкъманиер дуней псом ягъэ къыщыынэхуащ. ТІэкІу дэкІри, абы «Майкрософт» фІэтщащ».

Компьютерхэр куэд хъуащ

Гейтс и фІэщ хъурт, компьютерхэр куэд дэмыкІыу щІэныгъэ лаборатори зэм мыщІ, унагъуэхэм къыщагъэсэбэпу зэрыхъунур. Абы папщІэ ахэр нэхъ пуд щІын, къэбгъэсэбэныну нэхъ тыншу зэтеухуэн хуей къудейуэ арат. Арат «Майкрософт»-р нэхъыбэу зытелажьэр. Пэжыр жыІІэмэ, апхуэдэ къэхъуну зыми и фІэщ хъуртэкъым. ЦІыхуэхэм къаззрыщыхьмкІэ, дэтхэнэ зыми и компьютер иІэжрэ ахэр гъащІэм къыщысэбэп хъуным куэд хуейт, сытуи ящІыну ар унагъуэм щІэсхэм?!

Мыбдежми Гейтс ерыщу и мурадым хуэкІуэр: «Дэ ди фІэщ хъурт компьютерхэр унагъуэ къэзэрихэнэр, абы тетыну программэхэр щІыхуэхэм къаззрихуэщхьэпэнур. КъэкІуэнур Іупщ1у зэрытлъагъуэ тщІагъэпсынщІауэ къыхэльытэ дэ лажьыгъэр. И чэзум дыздэщІын хуей щІыпІэм я пІалъэ щІадзри дыкъыщыхуащ. ЕхъулІэныгъэ зыІэрыдгъэхьэ ноужь, къыздгІэпыкъун цІыху Іущ куэд къэтщІащ. Дуней псом сату щІыпІэхэр къыщыззІутхри, къэдгажьащ Іуэхум хэтпльэжьуэ зедгъэубгъуащ».

Гейтс и ехъулІэныгъэхэм псэщІэ кхъыхьащ «Майкрософт»-м «Ай-би-эм» компаниеи зэгурыІуэныгъэ щрищІыпІам - абы ягъ персональнэ компьютерхэм папщІэ программэ щхьэхуэхэр ирищащ. Ахэр иджы щІэрыІуэ хъуа MS-DOS системэрщ, тхыгъэхэр кърипщын, уриджэгу хъууэ. Ягъ ПК-хэр къыщежьам щІыхуэхэм яфІэтэлъыджэ хъуащ, ауэ абыхэм иджыри и кІэм нэсу кьагурыІуэрэткъым компьютерым я гъащІэм щиубыдыну увыпІэр.

ИужькІэ, илъэс зыбжанэ дэкІауэ, «Майкрософт»-м иІэ хъуащ «Виндоус» операционнэ системэ цІэрыІуэр. Абы и лІэужьыгъуэ зыбжанэ тепщ сыт хуэдэ компьютерми. А системэмэ щІэуэ халъхьэ дэтхэнэ программэри мелуан бжыгъэкІэ зэбгрокІ, «Майкрософт»-м сом мелардэхэр къыхуихьу...

ШЫПШ Даянэ.

● ТхылъыщІэ

Красноярск къалэм къыщыдэкІащ Урысей Федерацэм и цІыхубэ суэрэтыщІ Пащты Герман тІуэхуэ документальнэ повесть. Ар зытхар Майстренкэ Валентинэщ.

● Щыхушхуэхэм я гупсысэхэр

Зэманыр - ахъшэщ

□ ЩІэныгъэр лІэужьыгъуитІ мэхъу. Е Іуэхур зищысыр дощІэ, е ар къыщыдгъэтынум дыщыгъуазэщ.
□ Къуэшыр ныбжьэгъу пхуэмыдэныкІэ хьунщ, ауэ ныбжьэгъур сыт щыгъуи уи къуэшщ.
□ Сыт хуэдэ щытыкІэ цІыхур къимыхутэми, тыншыгъуи гугъуехьи кьыхуихунщ.
□ Зэманыр - ахъшэщ.
□ Ахъшэ уиІэным фІагъыу хэльыр ар къыззрыбгъэсэбэп къудейращ.
□ Ныбжьэгъур умыпІащІэурэ кьыхэх, пхъуэжьнми уемыпІащІэкІ.
□ Зэманыр гъащІэр зэрызэхэль нальэ дцыкІуц.
□ Іэфпу уикеину ухуеиІэ, напэ кьабзэкІэ гъуэпльыж.
□ Гуапагъэ зыщІымыгъу дахагъэр сэбэпынщэу мэкІуэдыж.
□ ЩІхьэхинагъэм сыт хуэдэ Іуэхури нэхъ гугъу ещІ.
□ Нобэ фхуэщІэнур пщэдей пэмыгъаплъэ.
□ НэгъуэщІым и ч чэнджэщ щІэдэІуу емысам зыкІи удэІэпыкъуфынукъым.
□ Нобэрей зы махуэр пщэдейрептІым нэхъри нэхъ льапІэщ.
□ Лэжьыгъэр насыпым и адзщ.
□ Сэ зэи цІыхум ІейкІэ сытепсэльыхьынукъм, ауэ дэтхэнэми дэсльэгъуэ фІыр псоми жиесІэжьынущ.

Мы псалъэ Іущхэр зей, политик щІэрыІуэ, дипломат: щІэныгъэлІ, къэхутакІуэ, журналист Франклин Бенджамин 1706 гъэм щІышылэм и 17-м Бостон (США) къыщалъхуащ. Инджыльзым кьикІыу Бостон къэІэпхъуэ Франклин Джозайе и унагъуэм къихуэа сабий 15-нэт Бенджамин.

Джозайе хуейт и кьуэр школым игъэхІэуну, арщхьэкІэ ахъшэ зэрримыІэм ящхьэкІыу, ильэситІ къудейкІэ иригъэджэфауэ араш. Адэжь Бенджамин езыр-езыру еджэжащ. И ныбжьыр илъэс 12 фІэкІа мыхъуу ар дэІэпикъуэу щІидзащ тхылъ тедзапІэм щылажьэ и кьуэшым. А Іуэхум илъэс куэдкІэ пэрытащ щалэщІэр. ИужькІэ, 1727 гъэм, Филадельфием типографие щхьэхуэ кьыщыхуихуэу щытащ. Абы газет кьыщыдигъэкІырт, илъэсым эз альманах щытридзэрт.

1731 гъэм абы Америкэм ягъуэ кьыщыІэзэуихауэ щытащ щыхуэкъэ тхылъ щедкъэ хьу библиотекэ, 1743 гъэм Америкэ философие зэгуэхьэныгъэ зэхэщащ, 1751 гъэм Филадельфие академие кьызэрыгъэпэщащ. Бенджамин къэралыгуэм щыІэ академиехэм хэту щытащ, абыхэм ящыщщ ЩІэныгъэхэмкІэ Урысей академиери (1789 гъэм ЩІэныгъэхэмкІэ Петербург академием и нэгъуэщІ къэралыгуэ щыщу ягъэдыдэу хагъэхьауэ щытар араш).

Франклин Бенджамин америкэ Конституцэм и авторхэм ящыщ щыщ, дуней псом цІэрыІуэ щыхъуа «Зэманыр - ахъшэщ» псэльафэр зэрыт сборникыр кьыдигъэкІащ.

1790 гъэм мэлыльхьыхьым и 17-м дуней ехьажащ Франклин. Абы и хьэдэщІэльхьэм кьрихьэлІат цІыху мин 20-м нэблагъэ.

ДОХЪУШОКЪУЭ Синэ.

● Сабий джэгукІэхэр

Дамэкъуэщэс

ДжэгукІэ гъэщІэгъэнщ икІи гугъущ. Ильэс 14 - 18-м ит щІалэхэр иризэдзджэгуу щытащ, ауэ зи кьарум кьиІэгугъэ нэхъыжьыкІэхэр ирилэпсеуэ хьурт. Джхуэм дамэкъунтІ и Іэ зырызымкІэ кьєщтэ, ахэр и зэхуэдитІым деж щиныгъуу щІым трелъэвэ. ИтІанэ и пльакъэхэр зэбгъуныту я пІэм эрытым хуэдэу дамэкъуэхэр гъуэрыгъуэу игъэІэпхъуэрэ щІым зыдеукъуэдэрэ, дамэкъунтІымрэ и пльапэхэмкІэрэ фІэкІа щІым темыту.

Ар зыщыйфахэм джэгукІэр нэхъ гугъу, нэхъ гъэзэщІэгъуэй ящІ. Абы щхьэкІэ, игъэІэпхъуэну щІым кьытрича дамэкъуэмкІэ ар щІым игъэувыжьынымрэ и пэкІэ адрей щІым тетым йотІыркъ, итІанэ егъэбакъуэри егъэув. Апхуэдэхэуэрэ аргуэру щІым зыдеукъуэдэрэ. Ари зэфІагъэкІыфа нужькІэ нэхъри нэхъ гугъу ящІ: щыкІуэкІи кьыщагъэззэжкІи дамэкъуэхэр зэрагъэтІыркъ.

Апхуэдэу зыщдакъуэдийми кьыщыІэзэфІэувэжьми зэрагъэтІыркъыуэрэ щІалитІ-щым дамэкъуэщэсыр кьуэзэфкІэ нэхъ, нэхъ лъэщ дыдэр кьращІэну дамэкъуэхэр зэрригъэтІыркъыуэрэ щІым зыдеукъуэдиям и гупэм пыІэ игъэтІыпъыри, ар дзапэкІэ кьрагъащэтэрт (эзи, тІэуи, нэхъыбжкІи, зэрыхуеІм хуэдизрэ), ауэ пыІэр кьыштау игъэтІыпъыжьа нэужь, дамэкъуэхэр зэрригъэтІыркъыуэрэ кьыхэзфІэувэжьын хуейт. КьыхэзфІэмыувэжмэ, нэхъ ящІэрэ пыІэр дзапэкІэ кьищтами, кьыхэзфІэувэжьифа щІалэр текІуэрт.

МАФЭДЖ Сэрэбий.

Кьэбри абы и жьыпэри цІыхум и дежкІэ сэбэпышхуэщ. Кьэб жьыпэм хэльщ белок, каротин, аскорбиновэ кислота, микроэлементу магний, гъущ, калий, кальций, фосфор нэгъуэщІхэри. Езы кьэбым хэльщ витамину С, В1, В2, РР, А. Абы кьыхащыІ шхыныгъуэхэр сэбэпщ зи кІэтІий, жьэжьей, тхьэмщІыгъу уэхэмкІэ.

Кьэбыр ятхьэщІ, гъущэу ялъэщІыж, Іупщ1эуэрэ ящупщатэ, и жьыпэхэри и льэхъущхэри и кум кьрах, и фэр пащІэ цІыкІуу трагъэж, езыр цІыкІу-цІыкІуу зэпэуащІри, лыхьэжьым щІагъэкІ. Шыуаным тхъу иракІэри, и пштыраГыыр градус 35-рэ хьуху кьагъэпль, абы кьэб хьэжар хальхьэрт бэлагъкІэ зэщІэуэрэ дакъикъэ 5-6-кІэ ягъажьэ. ИтІанэ, абы хакІэ фошыгъупс, зэщІэуэрэ дакъикъэ 20-25-кІэ ягъажьэ. Абы гуэдз хьэжьигъэ гъэжьа хакІэтэри, бэлагъкІэ зэпымыууэ ящІуэрэ Іув хьуху ягъажьэ. Хьэщір хьуа хьэльыуэр шыуаным кьрахри, тхъу зыщыкуэ Іэнэм трапльхьэ, я Іэм дагъэ щахуэри, ар фІыуэ яубэ. Ямыубэу дэ хуэдизэ Іэшкэ цІыкІуэхэри ящІ. Аэхэр тІэкІу дияуэ ваззэм иральхьэ, яубар мыупщІыущэ щІыкІэ Іупщ1эуэрэ сэкІэ зэпагъэж. Кьэб хьэльыуэ хуабэм щІэ доиф. Мыр хэхъ щащІу щытар щымахуэмрэ гъатхэмрэщ. Кьэуатщ, гъэткІугъуафІэщ.

●Шхыныгъуэхэр

Къэб хьэлыуэ

Гуэдз хьэжыгъэр зэрагъажьэр: гуэдз хьэжыгъэ ухуэнщІар тебэ гъущэм иракІутэри, мафІэ щабэм тету чымчыркІэ зэІащІэуэрэ, тхъуэпІ дахэ, мэ гуакІу кьыхихыу хьуэ ягъажьэ.

Фошыгъупсыр зэращІыр: псывэ кьэжьуальэм фошыгъуэр хакІутэри, зэІащІэуэрэ ткІуэу кьагъавэ, бинткІэ язык.

Халхьэхэр:
Тхъууэ - грамм 100
Кьэб хьэжаГэ - грамм 300
Псыуэ - грамм 240-рэ
Фошыгъуу - грамм 240-рэ
Гуэдз хьэжыгъэ гъэжьауэ - грамми 160-рэ.

КЪУБАТИЙ Борис.

● Фэ фшІэрэ?

Ныбжьым елъытакъым

США-м щыщ шахматист Фишер Бобби 1958 гъэм, и ныбжьыр илъэс 14 фІэкІа мыхъуу, гроссмейстер нэхъ щІалэ дыдэ хъуауэ щытащ.

* * *

Балтимор (США) щыІэ Макъамэ консерваторум студент нэхъыщІэ дыдэу щІэтІысхьар ильэситху зи ныбжь Амос Торищ.

* * *

Инджылыз актер Гринстрит Сидни и яп дыдэ роль нэхъыщхьэр щигъэзэщІар и ныбжьыр илъэс 62-рэ ирикъуа нэужьщ. 1941 гъэм ар щыдзэгуащ «Мальтийский сокол» фильмым.

* * *

Австрием щыщ композитор Моцарт Вольфганг илъэси 4 щыхъуи макъамэ произведениэхэр сыкъыт ныкъуэм и кІуэцІкІэ зригъащІэрт.

* * *

Комедиехэм щыдзэгу инджылыз актер Клиз Джон и ныбжьыр илъэс 12 щрикъуам и льагагъыр сантиметри 180-рэ хъурт.

* * *

Сабий Іущ дыдэ Сидис Вильямэ Гарвард университетым щІэтІысхьащ и ныбжьыр илъэс 11 фІэкІа мыхъуу. Ар къыщыхъуар 1909 гъэрщ.

* * *

Гольф джэгуным щІэрыІуэ ирихъуа Хепборн Катринэ абы щыдихьэхам илъэситху ирикъуа къудейт.

* * *

Совет композитор Прокофьев Сергей и яп операр иТхащ и ныбжьыр илъэси 9-м иту.

КЪЭБАРТ Мир.

НапэкІуэцІыр зыгъэхьэзырар **НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэщ.**

Псалъэзэблэдз

ЕкІуэкІыу: **5.** Жыг ... **7.** Мэкъумыплэ хьуманІэ, льагэу Іэтауэ. **9.** Хьы зэІуищхэуэ бадзэ Іэзэу кьеуфыц. **10.** Хадзэкхі. **11.** «Уа, сыту у... Іув, сыхьэт хъуауэ у эсІуэжьки кьыбгурыІуэркъым». **12.** ЩІхьэгъэсу и шыпхъу. **14.** ГъущІэжьі льэпІэ. **16.** МафІэ бзий кьыдидзу, уафэм кьыщоуэ. **17.** Ямыпсу щхьэкъум кьранэу щыта щхьэщ Іэрамэ. **18.** НэгъуэщІ кьалэ пІалъэ гуэрыкІэ кІуар щыщыдыуІ хабзэ унэ. **20.** Кьурш льэныкъуэмкІэ кьрих жьы щІыІэтыІэ. **23.** ЦІыху хьэлэл. **24.** Дахэ дыдэ, фІагъ льагэ зиІэ. **28.** УимыІэху зепхуэ мэ, уи щхьэм кьытехуэнкІэ кьунущ. **30.** Танкэхэуэ щыта, Совет Союзым и Лыхьэжь. **32.** Мэш хьэуазэ. **33.** ЩэкІ кІапэ. **36.** ХуэмыщІахэм нэщІ мазэм ират Іыхьэ. **37.** Пхъэщхьэмыщхьэ. **38.** Зи гур иудауэ кьэхъуа цІыху. **41.** Эмыдзэмыхьэ ... лы дзэщ. **43.** Литературэ тхыгъэ. **44.** Урысей Федерацэм костиЩмэ и министру щыта ди лъэпкъэгъу. **45.** Германием и кьалащхэ.

Къехьу: **1.** Псы зракІэ кумбыгъэ. **2.** Зи ... исым и уэрэз жеІэ. **3.** УнэлъащІэ. **4.** Ерысыкым (кхъуеІм, мэжаджэм...) и зы Іыхьэ. **5.** ХуэмыщІа, кьулейсы. **6.** Къэбэрдей-Балькъэрым и цІыхубэ тхакІуэ. **8.** Дзэлыкъуэ районым щыщ кьузакІ. **12.** ... зиІэм кІэи иІэщ. **13.** ЩыгъуныкІи хищІэ хьэпІащІэ. **15.** Министрым и ... кьыщыхуэрэ кьулыкъукІэ дригъэкІуэрэщ. **16.** Ахъшэ зкьуІей: апхуэдэу тІощІ ухуейщ зы сеныч дестэ кьэпщэхун щхьэкІэ. **18.** Мусльымэн диным кьабыл имыщІ шхьныгъуэ. **19.** Нарт лІыхъужь. **21.** БгитІ зэхуаку. **22.** Унагъуэ псэущхьэ щхьэзыфІэфІ. **25.** Пасэрей шабзэ лІэужьыгъэр. **26.** Аруан районым щыщ кьуажэ: иужьрей пщы уэлий Жанрайоным щыщ кьузакІ. **12.** щытам нобэ зэреджэр. **27.** УэрэджьІакІуэ, Урысей Федерацэм щыхь зиІэ и артист. **29.** Ди ГъунэгъуІ щалэм и кІэм кьикІащ: едкапІэ нэхъыщхьэ щІэхуащ. **31.** Хадзэкхі. **34.** Пхъэм кьыхэщІыкІа хьэжьущыкъу. **35.** Жьигыр кьызэрыгтІэпІам и нэщэнэ. **39.** Кьэбэрдей композитор цІэрыІуэ. **40.** Сымаджэм и ... макъ кьэІуащ. **41.** Мыльку зи куэд цІыху. **42.** Тутын зэрефэ.

Зэхэзыльхьар
МЫЗ Ахьмэдщ.

ЩыщхьэІум и 18-м да газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ИхъуреягъкІэ кьикІуху:
6. Нуть. **7.** ХьэжІэзэпх. **8.** Хэхэс. **9.** Сэлэт. **10.** Тхьэрыжь. **11.** Жьым. **12.** МелыІыч. **13.** Чын. **14.** Нау. **15.** Унэкьуэщ. **16.** Щтауч. **17.** Чэзуи. **18.** Щэбэт. **19.** «ТыргъэтауэІ». **20.** Гъымбу. **21.** Удын. **22.** Нартыху. **23.** Хуэщ. **24.** Щэмэдж. **25.** Дзэ. **26.** Дыгъужь. **27.** Жьэгъу. **28.** Гъунэгъу. **29.** Гъум. **30.** Мэз. **31.** Залым. **32.** Мыл. **33.** Лэгъупэжь. **34.** Удж. **35.** Джэгу. **36.** Гуэл. **37.** Лэкъум. **38.** Мел. **39.** Лагъым. **40.** Медан. **41.** Нарзан. **42.** Надэ. **43.** Махьшэм. **44.** Мыльф. **45.** Фо.

Кьехьу: **1.** Кьуэды. **2.** Гъуэмб. **3.** Мэздэгу. **4.** Ахьн. **5.** Пхьир. **27.** ЖьаУэ. **28.** ГъунэжкІ. **30.** Матэ. **31.** Заур. **46.** Ашэмэз.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР
Жылаэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къудэдэ), **ЖЬэкІэмыхьу Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдэ), **Гъурыжь Мадинэ** (жэуап зыхь секретарь), **Итэпан Залинэ, Кьардэн Маритэ, НэщІэныджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩхьэщэмыщІ Иэз.**

КьыдзэныгъэкІэхэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ кьыдагъэжьІ.

360030, Къэбэрдей-Балькъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5, ешІэнэ къат.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ льэпкъ ІуэхухэмкІэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьумэ Іуэхущ1энІэхэм ядлэжьэныкІэ - 42-60-53; хьыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ пасымохьмкІэ - 42-22-88; еІэзэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 47-32-15; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іуэхущ1энІэм - 42-26-41; суэрэтехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщыхьа бжыгъэхэм, кьыщаІэта Іуэхущ1эхэм я пежьагъэкІэ зыгъэхьэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Іэ тезыдзаэм яхуэхьынырэ пщэ дольщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр 1989 гъэм дыгъэзащэм и 16-м Печатным и хуитыныгъэр хьумэныжьыкІэ Къэбэрдей-Балькъэр щІыналъэ Іуэхущ1энІэм №ІІ-0065-м щІэту ятащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ кьыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и щхьэІэ щыІэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы кьыдэкІыгъуэм елэжьахэр: жэуап зыхь секретарым и къуэдэ **ДышэкІ Соня**, редактору **ЖЬэкІэмыхьу Маринэ**, корректорхэу **Афэ Тамарэ** *(3, 4-нэ нап.)*, **ПхытІыкІ Азэмэт** *(1, 2-нэ нап.)*, ***КомпьютерІэ газетым и тепльэр ящІащ*** **Дол Маринэ, Мэзбахьэу Анжелэ, суэрэтхэм елэжьар Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер ІэнатІэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 5.074 ● Заказ №2268